



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN SENKYÈM FAZ KONPETISYON BIZNIS
ALIMANTÈ AK AGRIKÒL GROW-NY LA**

Yo bay prim 3 milyon dola a sèt antrepriz alimantè, bwason ak agrikòl k ap demare – ki engli 1 milyon dola prim sibvansyon pou Hypercell Technologies nan Georgia

Konpetisyon an fè pwomosyon inovasyon nan manje, bwason ak agrikilti ak angajman antrepriz ki genyen yo pou fonksyone nan New York Santral, Finger Lakes, ak Southern Tier

Konpetisyon an sipòte pa Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a epi apiye estrateji rejyonal CNY Rising, Finger Lakes Forward ak Southern Tier Soaring yo

Foto ekip ki genyen yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Hypercell Technologies, nan Peachtree Corners, Georgia kòm gran gayan konpetisyon biznis Grow-NY la ane sa, yon defi pou antrepriz k ap demare ki konsante sou amelyorasyon manje, bwason k ap emèje, ak gwoup inovasyon agrikòl nan New York Santral, Finger Lakes, ak Southern Tier. Kounye a, nan senkyèm ane li, pwogram nan te bay 3 milyon dola – ki enkli 1 milyon dola gran pri a – bay sèt finalis k ap patisipe nan akseleratè devlopman biznis la ak konkou pitch de jou nan Somè Grow-NY la ane sa ki fèt nan Binghamton. Ekip ki genyen yo dwe angaje pou fonksyone nan rejyon ki patisipe yo pandan omwen en an, pandan y ap bay Grow-NY yon ti patisipasyon nan kapital antite yo a. Se Sant pou avansman Ekonomik Rejyonal (Center for Regional Economic Advancement) Cornell University ki administre konpetisyon an.

"Gayan konpetisyon Grow-NY ane sa yo reprezante kèk nan antreprenè inovan ki wè lwen toupatou nan mond lan k ap mennen sektè alimantè ak agrikòl eta nou an nan lòt nivo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Grow-NY ak Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), administrasyon mwen an ap double angajman li pou pouse kwasans ekonomik nan chak pati eta nou an, ankouraje inovasyon, epi kreye travay ak opòtinite k ap fè New York vanse pou pi devan."

Hypercell Technologies bay dyagnostik rapid sou plas entèvansyon an pou chèn apwovizyonman an, ki asire idantifikasyon ak jesyon kontaminan byolojik yo bonè ki soti de pwodiksyon a transfòmasyon ak vitès ak egzaktitud ki ogmante.

PDG ak Ko-fondatè Hypercell, Bruno Jactel te deklare, "Nou rekonesan anvè Eta New York ak Grow-NY pou sipò yo. Nou onore pou rejwenn pòtfèy gayan Grow-NY yo, epi nou enspire pa antrepriz k ap demare ke nou te fè konpetisyon bò kote yo nan konpetisyon sa. Lajan prim sa ap ede nou grandi pi rapid, epi ekosistèm inovasyon nan Nò Eta New York la ap ede nou grandi nan fason ki pi dirab. Grow-NY ak mantò nou Ed Bizari te ban nou resous, oryantasyon, ak koneksyon nou bezwen pou genyen premye pri, epi nou kontan anpil pou eskalade biznis dyagnostik rapid sou plas entèvansyon nou an pou amelyore chèn apwovizyonman alimantè a nan rejyon Grow-NY la."

Lòt Gayan 2023 yo se:

Gayan 500,000 dola: Crover, (Edinburgh, Wayòm Ini) - Crover nan yon misyon pou ede operatè estokaj sereyal yo diminye pèt epi konsève kondisyon estokaj maksimòm, kontwòle nan fason ki efikas epi a distans epi konsève kalite sereyal an gwo atravè teknoloji wobotik "sereyal k ap naje (grain swimming)" li a.

Gayan 500,000 dola: SomaDetect, (Thornhill, ON, Kanada) - Detektè ak sistèm lojisye SomaDetect la bay agrikiltè yo enfòmasyon yo bezwen pou fè pi bon lèt posib, ki ofri pwodiktè pwodui letye yo done abaz lèt otomatik ki soti dirèkteman nan liy trètman an pou rasyonnalize operasyon kotidyen fèm pwodui letye yo.

Gayan 250,000 dola: Cattle Scan (Toronto, Kanada) - Bolis siveyans bèt Cattle Scan lan pèmèt kiltivatè pwodui letye yo fasilite kontwòl nan tan reyòl bèt endividyèl, ki amelyore sante twoupo a an jeneral, ki ogmante efikasite pwodiksyon an, epi ede fè dirabilite ak ekselans operasyonèl biznis lan pwogrese.

Gayan 250,000 dola: Clean Label Solution (Ithaca, NY) - Clean Label Solution gen teknoloji pèsone ki amelyore pwoteyin ak dijesyon grès epi diminye emisyon CO2 ak konsomasyon enèji nan pwodiksyon manje bèt abaz soja pou betay tankou vach letye, volay, sèf, ak fèm pwason.

Gayan 250,000 dola: MycoLogic (Kennesaw, GA) - MycoLogic se yon solisyon konplè pou kòmanse oswa devlope biznis kiltivasyon espesyalite chanpiyon ou. Yo bay materyèl ak lojisye pou kiltivasyon semi-otomatik espesyalite chanpiyon, ansanm ak sipò ak konsiltasyon byolojik.

Gayan 250,000 dola: Mush Foods (Poughkeepsie, NY) - Mush Foods eksplwate pwisans ak entelijans chanpiyon yo ak miselyòm chanpiyon ki komestib li a, ki kreye yon pwoteyin revolisyonè, dirab epi san animal pou endistri alimantè ak bwason an.

Konpetisyon an te bay tou yon pri "Chwa Piblik Wegmans " ke piblik la te chwazi, pou jèn antrepriz ki te fè pith ki te pi remakab epi pwomèt la. Big Yield Growers nan Endicott, NY, te resevwa 10,000 dola prim ke Wegmans te patwone.

20 finalis yo chwazi pou patisipe nan konpetisyon inovan sa te resevwa mantora ki devwe nan men konseye biznis rejyonal yo te chwazi avèk swen pou dirije Somè a epi kreye yon plan dafè detaye pou prezante nan konpetisyon final la. Finalis yo te prezante pitch prepare yo devan yon panèl sèt jij, ki reflekte yon agrikilti pwofon epi elaji, pwodiksyon alimantè ak ekspètiz nan devlopman antrepriz.

Anviwon 1,000 moun te anrejistre pou senkyèm Somè Grow-NY anyèl la. Somè a te domine ak prezantasyon prim yo, kote moun ki soti nan gayan Grow-NY 2022 yo, Craft Cannery, Labby, Sweet Pea ak premye gayan an ProAgni te anonse kat gayan 250,000 dola yo epi Komisè Agrikilti a, Richard A. Ball te revele benefisyè 500,000 dola yo, ansanm ak gayan 1 milyon dola a. Konpayi ki genyen yo ap dwe travay kounye a pou egzekite plan dafè yo nan eta New York, k ap eksplwate koneksyon yo fè ak konesans rejyonal yo pran nan konpetisyon an.

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare, "Ane apre ane, konpetisyon Grow-NY la prezante anpil biznis alimantè modèn, divèsifye New York ke travay yo ranfòse sektè agrikòl nou an epi bay yon ranfò a kiltivatè nou yo. Gras ak sipò kontini Gouvènè Hochul pou Grow-NY, konpetisyon sa te tounen yon tradisyon chak ane ki pa sèlman mete aksan sou agrikilti New York jodi a, men tou pale de opòtinite pasyonan pou demen yo. Mwen felisite gayan ane sa yo ak tout antreprenè ki te patisipe epi mwen pa ka tann pou wè ki sa nou pral fè apre sa."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Felisitasyon pou gayan Grow-NY yo, ak tout moun ki te patisipe nan senkyèm faz konpetisyon biznis ki baze sou agrikilti inik sa a. Mwen fyè de wòl Eta New York ki sipòte Grow-NY, pandan antrepriz nan faz demaraj sa yo ap kontinye konstwi ekosistèm antreprenarya a epi ranfòse kwasans ekonomik inovan atravè rejyon agrikòl ki rich nan rejyon Finger Lakes, Santral ak Southern Tier yo."

Finalman, konpetisyon biznis Grow-NY la te atire yon lòt fwa ankò antrepriz demaraj eksepsyonèl ak talan antreprenè atravè lemond pou fè konpetisyon nan akseleratè devlopman biznis li a ak konpetisyon prezantasyon pandan de jou nan Somè Grow-NY la. Antou, 323 antrepriz nan faz demaraj te aplike ki soti nan 49 peyi, ki enkli Kanada, Wayòm Inni ak Itali. Ekip nasyonal yo te afiche enterè ki solid, avèk 32 eta ki reprezante nan seri kandida yo, ki enkli 81 antre ki soti nan New York. Karant de pousan nan aplikan yo genyen yon fondatè fanm epi 61 pousan genyen ladan yo yon fondatè ki soti nan yon gwoup minoritè ki mal reprezante.

Jij Grow-NY yo te baze desizyon pou prim yo sou kritè sa yo:

- Vyabilite modèl biznis antrepriz demaraj la
- Divèsite, kalite, preparasyon, ak eta konplè ekip demaraj la

- Valè ke antrepriz demaraj la ofri kliyan yo
- Inovasyon agro-alimantè ke antrepriz demaraj la envante
- Kwasans travay ak potansyèl opòtinite ke antrepriz demaraj la ka pote nan rejyon an

Vis Prezidan pou Rechèch ak Inovasyon Cornell University, Krystyn J. Van Vliet te deklare, "Konpetisyon Grow-NY la kontinye atire inovasyon ak agrikilti ki entelijan fas ak klima a nan rejyon Nò Eta New York la pandan yon moman enpòtan. Mwen kontan pou felisite gayan ane sa yo epi mwen pa ka tann kolaborasyon alavni ant antrepriz demaraj sa yo ak Rechèch ak Inovasyon Cornell."

Direktris Grow-NY la, Jenn Smith, te deklare, "Li ekstrèman pasyonan pou aprann ki antrepriz demaraj k ap eskalade solisyon, rezoud pwoblèm, epi kreye opòtinite nan sektè alimantè ak agrikòl isit la nan rejyon Nò Eta NY nan mwa k ap vini yo. Nou rekonesan a tout finalis ak jij yo epi nou voye konpliman nou bay gayan yo."

Tout gayan yo oblije travay pou fè yon enpak ekonomik pozitif nan rejyon Grow-NY la, ki gen 22 konte ki sèvi kòm fwaye tèren agrikòl vibran, dlo dous abondan, ak plizyè vil k ap emèje, tankou Rochester, Syracuse, Ithaca, Geneva, ak Binghamton. Biznis ki genyen yo pral ankouraje kwasans travay, konekte ak patnè endistri lokal yo, epi kontribye nan yon ekonomi k ap pwospere.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodiktè New York Santral, ak Doktè Linda M. LeMura, Prezidan Le Moyne College, te deklare, "Nou kontan anpil pou ofri anpil felisitasyon a tout gayan jodi a yo ak tout moun ki te patisipe nan senkyèm faz konpetisyon Grow-NY la. New York kontinye fè kwasans san parèy osen endistri agrikilti ak transfòmasyon letye nou yo, grasa lidèchip ak angajman san parèy Gouvènè Cuomo. Nouvo etablisman HP Hood sa a se yon lòt investisman enteresan nan kominote nou ki pral kore pi plis toujou kwasans onivo travay nan rejyon nou an, bay rezidan nou yo bon travay ki peye byen, e soutni baz agrikòl nou an."

Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Rochester ak Doktè Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare, "Nou fyè anpil de tout moun ki te patisipe nan senkyèm faz konpetisyon inovan sa a. Konsèy rejyonal la konsantre sou devlopman endistri agrikòl ak alimantè eta a. Investisman nan konpetisyon Grow-NY Gouvènè Cuomo a ap ede konekte patnè nan endistri lokal la avèk lide depwent antreprenè sa yo, sa ki kontinye sipòte apwòch ki gen plizyè volè nou an pou kreye yon ekonomi lokal ki pwospère".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier la, Judy McKinney Cherry, Direktè Egzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik lan ak Doktè Kevin Drumm, Prezidan Kolèj Kominotè Broome, SUNY, te deklare, "Nou ta renmen prezante felisitasyon sensè nou bay ekip ki genyen yo epi a tout konpetitè faz senk Grow-NY la ki te patisipe nan somè ane sa nan Binghamton.

Inovasyon ak antreprenarya esansyèl pou lavni ekonomi nou an. Endistri agrikòl nan New York se youn nan sa ki pi divèsifye epi prestijye nan mond lan, epi inisyativ sa a distenge New York de lòt eta yo, ki ogmante siksè ekonomik rejyon nou yo k ap kontinye".

Aprann plis sou konpetisyon Grow-NY la, [isit la](#).

Aprann plis sou Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal Inivèsite Cornell la, [isit la](#).

Aprann plis sou Hypercell Technologies [isit la](#).

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplèman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou envestisman nan endistri kle yo ki genyen ladan yo, fotonik, agrikilti ak pwodiksyon alimantè, ak fabrikasyon avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplèman pwojè "CNY Rising" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplèman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwòle Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)